


CHIKAMU 4

EXISODHO



VAKAFAMBA VACHIPINDA
MUNZVIMBO YAIVE
NEMAKOMO, UKU MBERI
KWAVO KUINE GUGWA DZVUKU.
APA NDIPO PAVAKATURA
MAFEMO VACHIRONGA KUTI
VAIZOYAMBUKA SEI GUGWA.



PAAKAPEDZA
KUCHEMA
NEVANJI
WAKE FARAWO
AKARAMBA
ACHIBATWA
NESHUNGU.
CHAINYANYA
KUMUGUMBURA
KWAIVE
KURASIKIRWA
NEVASHANDI
VAKE.

GADZIRAI
MABHIZA
NENGO RO MUTEVERE
VAHEBHERU AVO.
KANA MAVABATA
DZOKAI NAVO
KANA VAKANETSA
MOURAYA.

TICHAITA
SEZVAMAREVA
TENZI.



TARIRA,
VAIJIPITA
VATITEVERA.
HAKUNA
KWEKUTIZIRA
MURENJE
MUNO!

MOZISI WATIUNZA
KUZOFIRA KUNO
KURENJE. ZVAIVE NANI
KURARAMA SEVARANDA
PANE KUFIRA MUGWENGA
MAKADAI.



HAPANA
KANA MWARI
CHAVANGAITE
KUTINUNURA.



KUMATIVI
MAVIRI AWA
KUNE MAKOMO,
MBERI KWEDU
KUNE GUGWA,
SAKA HATINA
KWEKUTIZIRA.

VAIJIPITA PAVAKAONA
VAHEBHERU VASINA
KWOKUTIZIRA VAKAFUNGA
KUTAMBUDZWA KWAVAINGE
VAITWA NAMOZISI, PFUNGWA
YAVO YAIVE YEKUDEURA ROPA.



MIRA PAURI
IPAPO, MWARI
VACHATIDZIKINURA
NEMUTOW
UNOSHAMISA.

MWARI
VAOMESA MOYO
WAFARAWO ZVEKARE.
KUBVA NHASI, HONDO
YAVAIJIPITA YAUNOONA
IYI HAUCHAZOIONI
ZVEKARE.

EKISODHO 14:5-13




HONDO YEVAIJIPITA PAYAKANGE YOSWEDERA,
MOTO WAKABURUKA KUBVA KUDENGA
IKAPARADZANISA ZVIKWATA ZVIVIRI IZVI.
HUSIKU UHWU, KUDIVI REVAHEBHERU KWAIVE
NEMWENJE ASI KUVAIJIPITA KWAIVE NERIMA.

MOZISI WAKASUMUDZA
TSVIMBO YAKE, MHEPO HURU
YAKAVHUVHUTA PAMUSORO
PEGUGWA IKAPATSANURA
MVLURA KUBVA PASI PEGUGWA.



LIYU WAKAVA MUNANA
UNODAKADZA, VANA
VEIZIRAYERE VAKAFAMBA
NEPAKAOMA PARI
PAKATI PEGUGWA.

MUMAZUVA AITEVERA VAKAIMBA
NZIYO DZOKURUMBIDZA
MWARI AKAVAVHURIRA NZIRA
MUGUGWA. MUNHU WESE AKAZIVA
NEZVAJEHOVHA SAMASIMBA OSE.



HAPANA
CHATAKAONA
TIRI IJIPITA. IZVI
ZVINODAKADZA.

MWARI WEDU
NDIMWARI WEMINANA,
TIRIKUTOFAMBA PAKATI
PEGUGWA.



**NHAIWE
JOSAYA,
UNOPENGA HERE
IWE! UNOGONA
KUTUHWINHA HERE
IWE. IBVA IPAPO!**



NDANGA
NDICHIDA
KUNGOBATA
MATATYA
ANOYEVEDZA
AYO.

VAHEBHERU VAVEPEDYO
NOKUBUDA MUGUGWA,
MWARI VAKABVISA MOTO
WAIJIPITA VAIJIPITA
KUTI VASAVAONA.
VAIJIPITA VASINGAONI
KUTI MAVE MUGUGWA
VAKAMHANYA VACHITEVERA
VAHEBHERU.




**HANDEI
MBERI! URAYA
VAHEBHERU
AVO!**

EKISODHO 14:22-23

A man with a beard, wearing a long, vertically striped orange and brown robe, stands on a large, flat rock. He has his arms raised high, holding a long wooden staff in his left hand. He is addressing a large crowd of people gathered around the base of the rock. The crowd consists of men and women of various ages, many wearing head coverings or shawls. Some are looking up at the man, while others are gesturing or talking. The background shows a rocky, uneven landscape under a blue sky with some clouds. The overall style is that of a comic book illustration.

NHASI MAONA
SIMBA RAJEHOVHA.

HONAI MVLURA
YAKALINGANA
ZVEKARE! VACHANYURA
VANHU AVO.



HONDO YAVAIJIPITA YOSE
YAKANYURA MUGUGWA,
ZVIMWARI ZVAVO ZVEZVIMITI
NEMATOMBO HAZVINA
KUKWANISA KUVABATSIRA.

EKISODHO 14:27-28




TARIRA,
GLUGWA
RAZARA
NEMITUMBI
YEMASOJA
EVAIJIPITA.

ZVIROKWAZVO
JEHOVHA NDIYE
MWARI, HAKUNA
MUMWE UNGADZIKINURE
ZVAKADAI.
TICHARANGARIRA ZUVA
RINO NOKUSINGAPERI.

PAVAKAFURATIRA GUGWA RAIVE
RAPARADZA HONDO YAVAIJIPITA,
VAHEBHERU VACHITUNGAMIRWA
NAMOZISI VAKATEVERA HORE VARI
MUGWENGA GURU. VAIDYA CHIKAFU
CHAVAKANGE VABVA NACHO KUIJIPITA.



MUSHURE MEMAZUVA, HORE
YAKAMIRA PAZVITUBU ZVEMVURA.
VAKADYA CHIKAFU CHOSE CHAVAIVA
NACHO KUSVIKA CHAPERA. ZVINO
PAKANGE PASISINA TARIRO
YOKWEKLUWANA CHIMWE CHIKAFU.




CHERO TAIVA VARANDA
MUIJIPITA ASI TAIGARA
ZVAKANAKA, TICHIWANA
ZVOSE ZVOKUDYA ZVATAIDA.
MUNO MURENJE HAMUNA
KANA CHOKUBATA.

NDIZVO
HERE KUTI
WATIUNZA
KUZOFIRA
MURENJE MUNO
NENZARA.



TEREERERAI,
HAMHUSI
KUNYUNYUTIRA INI
ASI KUNA MWARI
WATINOTEVERA.

JEHOVHA
VANOTI VACHABURUTSA
MANGWANANI OGA OGA
CHINGWA KUBVA KUDENGA,
MUCHACHIONA PASI,
CHENYU KUNHONGA
NOKUDYA.



HANZI KUDII
NAMOZISI
NEZVOKUWANA
ZVOKUDYA, VANA
VAKUVARA
NENZARA?

HANZI
JEHOVA
VACHABURLITSA
CHINGWA
MANGWANANI
OGA OGA KUBVA
KUDENGA.



NGARIBUDE ZUVA, UNOFUNGA
KUTI TICHAWANA CHINGWA
SEZVAITAIRWA NAMOZISI HERE?

TINOFA
NENZARA
ZVIKASADARO.

WAKAMBONZWA
KUPI KUTI CHINGWA
CHINODONHA KUBVA
KUDENGA?

HANDINA, ASI
HANDISATI
NDAMBONZWAWO
ZVENZIRA
MUGUNGWA.
KANA JEHOVHA
ARIYE MUSIKI
WEPASI ROSE
HANDIKAHADZIKE
AKAKWANISA
KUBURLITSA
CHINGWA KUBVA
KUDENGA.
HANDEI
TINOTARISA.

EKISODHO 14:21-22, 30, 16:2-3, 7-8



CHINGWA
CHABURLUKA
KUBVA KUDENGA,
SEZVAAKAREVA.

SEI
TISINGATENDI
KUIZWI RAKE?



TARIRA!
CHIZERE POSE
POSE.

ENDE
CHINONAKA,
SEHUCHI
CHAIHO.

ZVEMAZVIROKWAZVO,
JEHOVHA NDIVO
MWARI UYE MOZISI
MUPOROFITA WAVO.

MUNGLIVA YOSE YAVAKANGE
VARI MURENJE MWARI
WAIVAPA CHIKAFU CHENGIROZI.




MURENJE, HORE YAITI IKAMIRA PAZVITUBU VANA
VEIZIRAYERE VAIDYA NOKUNWA, PAINENGE
YOFAMBA VAISIMUKA VOTAKURA MITUNDU
YAVO NOKLITEVERA VACHITUNGAMIRWA NAYO.

YAKASVIKA NGLIVA
YAVAKAPERERWA
NEMVURA.

SAKA
WAKATIPA
CHINGWA ASI
ZVINO ODA
KUTIURAYA
NENYOTA.

MWANASIKANA
WANGU ACHAFU
TIKASAWANA
MVURA
NOKUKASIKA.





DAI TAKANGOGARA
HEDU KUIJIPITA.
MUSHURE MEZVIZUVA
ZVIPFLUYO ZVEDU ZVICHATANGA
KUFU, KWOZOTEVERA VANA
VEDU. NGATIMUTAKEYI
NEMAMBWE.

MWARI
VANESU
HERE
KANA KUTI
KWETE?

NICHAENDA
NDONOTALURA
NAMWARI.

EKISODHO 16:14-15, 17:2-4;
MAPISAREMA 78:24-25



MWARI VAKAUDZA
MOZISI ZVOKUITA.

CHILUYAI
MUONE SIMBA
RAMWARI.
MANYANYA KUSWERA
MUCHINGONYUNYUTA
NEKUSHORA.

WAKAKUPAI
CHINGWA, IKOZVINO
AKUPAI MVURA KUBVA
PADOMBO.





**KWAAA..KUROVA
DOMBO..**

YEEEEEE...

EKISODHO 17:5-6

MVURA
YAKAERERA
SEPANE RWIZI.





HORE YAKATANGA KUFAMBA
ZVEKARE, VAHEBHURU VAKATUTA
TWAVO VACHITEVERA VAKANANGA
KUGOMO RINONZI SAINAI

MOZOSI WAKATANGA
KUNYENGETERA, MWARI
NDOKUTAURA NAYE ZVEKARE.

**VARANGARIDZE
ZVOSE ZVANDAKAVAITIRA,
KUVADZIKINURA KUBVA
KUVAIJIPITA, KUVAPA
CHINGWA MURENJE
NEKUVAPA MVURA
ICHIBVA PADOMBO.**



**TAURIRA
VANHU
AVA KUTI
VAKATEERERA
MIRAIRO
YANGU VACHAVA
VEPAMOYO
WANGU PAMUSORO
PEDZIMWE
NYIKA DZOSE,
VACHAVE NYIKA
YEMADZIMAMBO
NEVAPIRISITA.**

**IWE MOZISI,
PANDICHATAURA
NEWE NDICHALYA
NDAKAZVIFUKIDZA
MUGORE DEMA,
IZVI ZVICHAITA
KUTI VAONE,
VAGONZWA
NEKUNDIZIVA.**

MOZISI WAKADZIKA GOMO RESAINAI,
NDOKUUDZA VANHU ZVOSE
ZVAINGE ZVATAURA NAMWARI.



TINOGAMUCHIRA
MIRAIRO YAMWARI,
ZVOSE ZVATAURWA
TICHATEVEDZA.

CHIENDAI MUNOZVINATSA
NOKUZVISHAMBIDZA
MUCHIGADZIRIRA KUZOSHUMIRA
MWARI WENYU. MUSHURE
MEMAZUVA MATATU MWARI
VACHAKUSHANYIRAI.

MUSHURE MEMAZUVA MATATU,
VANHU VAKAUNGANA PASI PEGOMO
VACHIMIRIRA KUTAURA KWAMWARI.
GORE DEMA RAKADZIKA PAGOMO.



**MOZISI,
KWIRA GOMO
LULYE KLINO.**



**MOZISI, NDINI
JEHOVHA, MWARI
WAKAKUDZIKINURAI KUBVA
KUIVA IJIPITA. PAUCHADZIKA,
ISA RUSVINGO
RUNOKOMBEREDZA
GOMO RINO.**

**PAKAITA MUNHU
ANOBATA GOMO
RINO ACHAFU.
NDICHAKUPA
MIRAIRO INE GUMI
YAUCHANOUNDZA
VANHU AVA.**



USAVA NEUMWE
MWARI KUNZE KWANGU.

USAZVIUMBIRA
ZVIFANANIDZO
ZVOKLINAMATA.

USATAMBE NEZITA
RAMWARI.

CHENGETEDZA SABATA
SEZUVA DZVENE.

KUDZA BABA NAMAI
VAKO.

USAIRAYA.

USAPOMBE.

USABA.

USAPUPURA
NHEMA PAMUSORO
PEMLIVAKIDZANI WAKO.

USACHOCHORA MUKADZI
WEMLIVAKIDZANI WAKO.



USAVA NEUMWE
MWARI KUNZE
KWANGU.

USAZVIUMBIRA
ZVIFANANIDZO
ZVOKUNAMATA.

USATAMBE NEZITA
RAMWARI.

CHENGETEDZA SABATA
SEZUVA DZVENE.

KUDZA BABA NAMAI
VAKO.




USALURAYA.

USAPOMBE.

USABA.

USAPUPURA
NHEMA PAMUSORO
PEMUVAKIDZANI WAKO.

USACHOCHORA
MUKADZI
WEMUVAKIDZANI
WAKO.



ACHIDZIKA GOMO,
MOZISI WAKAKOKORODZA
VATUNGAMIRI MAKUMI
MANOMWE NDOKLIVALDZA
MIRAIRO YAMWARI.

TICHAITEVEDZERA.

MIRAIRO
KWAYO.

IMI VATUNGAMIRI
MUCHADZOKERA NENI
KUGOMO MUNOZVIONERA.
ASI REGAI NDITANGE
NDANYORA MIRAIRO IYI
PASI.

MOZISI
WAKANYATSOCHERECHEDZA
ZVINYORWA ZVAKE SEKUPIWA
KWAINGE AITWA. MWEYA
MUTSVENE WAKAMUBATSIRA
KUTI ASAITE MHOSVO
PAKUNYORA KWAKE.



A man with a beard and curly hair, wearing a yellow robe, is shown in profile on the left, reading a large scroll. He is addressing a large crowd of people in the background, who are also wearing robes and some have head coverings. The scene is set outdoors with a simple landscape.

APEDZA KUINYORA
PASI, MOZISI
WAKAKOKORODZA
VANHU
NDOKLIVAVERENGERA.

ZVOSE
ZVATAURWA NAMWARI
ZVAKANAKA,
TICHAZVITEVEDZA.

MWARI VAKAITA SUNGANO
NEVANA VEIZIRAYERE. MWARI
WAKATSIDZA KUVAPA UPENYU,
KUVAROPAFADZA NEKUNUNURA
KUBVA KUVAVENGI VAVO,
IVOWO VAKATSIDZA KUTEVEDZA
NEKUTEERERA MIRAIRO
YAMWARI MUKURURAMA.

MWARI VAKAUDZA MOZISI KUTI
APE CHIBAIRO CHEROPA NEKUSASA
ROPA PAVANHU VOSE.



VOSE KUSANGANISRA MOZISI
NAARONI VAIVE VATADZI
VAKAKODZERA RUFU, ASI MWARI
WENYASHA WAKAVAWANIRA
NZIRA YOKUBUDA NAYO.



KULURAYIWA KWEGWAYANA NEKUSASWA KWEROPA
KWAKASHAMABA ZVIVI ZVAVO. GWAYANA RAKANGE
RISINA MHAKA RAKAFA PACHINZVIMBO CHAVO, IVO
VAIVA VATADZI VAINGE VAKAKODZERANA NERUFU.



ZVIVI ZVENYU
ZVASHAMBWA, IMI MAKUMI
MANOMWE, CHIHANDEI
MUGOMO MUNOONA
KUBWINYA KWAMWARI.



VATUNGAMIRI VAIZIRAYERE
VAISVIKA MAKUMI MANOMWE
VAKATEVERA MOZISI
KUKWIRA GOMO LIKO AKANGE
ASANGANA NAMWARI.

MUSHURE MENGUVA
PFUPI VAKAPENYERWA
NECHIGARO CHAMWARI.



**KUBWINYA
KWAMWARI!**

VATUNGAMIRI MAKUMI MANOMWE
AVA VAKATARIRA MOZISI
ACHIKWIRA GOMO RAINGE RIZERE
NOKUBWINYA KWAMWARI.

TARIRA
KUBWINYA
UKO!

NGAVAKUDZWE!


HAKUNA
MUNHU WAKAITA
SAMOZISI
ANOBVUMIDZWA
KUONA CHISO
CHAMWARI.

EKISODHO 24:9-10

**MOZISI, RAIRA
VANHU KUTI VAVAKE
TEBHANEKERE KUTI
VAVANE POKUNDISHUMIRA
VARI. MUCHAVA NEARITARI
APO VACHABAYIRA
ZVIPIRISO, LYE NZVIMBO
TSVENE-TSVENE
PANDICHASANGANA
NOMUPIRISITA MUKURU
KAMWE PAGORE.**

**AWA NDIWO MAVAKIRO
AUCHAITA TEBHANEKERE.
MAPIRISITA ACHABUDA
MURUDZI RWAVAREVHI,
ARONI NEVANA VAKE
VACHAVA VAPIRISITA
VAKURU. VACHADZIDZISA
VANHU VANGU KUFAMBA
MUKURURAMA NEKUPIRA
ZVIPIRISO KANA
VACHINGE VATADZA.**






WAKAKWIRA GOMO
IRO MASVONDO APFLURA,
ZVINO ZVAAKANYANGARIKA
MUMOTO IMOMO,
UNOGONA AKAFA.

ICHOKWADI
ICHOCHO!
HATINGAGARI PANO
NOKUSINGAPERI.

TINODA
KUTI MWARI
VATITUNGAMIRE
SEZVAITWA
NAMOZISI.

NGATIGADZIRE
MWARI WEDU
CHIMHURU
CHEGORIDHE.



MOZISI
WAFI, ARONI
NGAATIGADZIRIRE
CHIMHURU CHEGORIDHE
CHIGOTITUNGAMIRA
KUDZOKERA IJIPITA.

VANHU
VOSE, TIPEI
GORIDHE
RENYU.


NEMAOKO AVO MAPENZI
AWA AKALIMBA CHIBHURU
CHEGORIDHE CHAVAKATI
NDICHO CHAVE MWARI
WAVO. SATANI WAIMIRIRWA
NEBHURU ASATI ATADZIRA
MWARI. MUKUITA IZVI
VANHU AVA VASINGazvize
VAKATUNGAMIRWA
NASATANI KUMUNAMATA.



ARONI ACHITEERERA ZVIDO ZVEVANHU,
AKAVATUNGAMIRA KUVAKA MWARI WEGORIDHE.

EKISODHO 20:4, 25:8-9, 28:1-3, 32:1-4; EZEKIYERE 1:10, 10:14, 28:14

ARONI WAKAITA CHINHU CHAKAIPA,
AIZIVA KUTI ICHI CHAISAVA MWARI,
ASI NOKUTYA VANHU WAKATADZA.



HOYO
MWARI WENYU
AKAKUSUNLINGURAI
KUBVA KUNYIKA
YOURANDA
YEIJIPITA.
MANGWANA
TICHAPIRA
ZVIPIRISO KUNA
JEHOVHA.

MWARI AKANGE AVALIDZA KUTI
VASANAMATE ZVIUMBWA,
ASI VAKANYENGERWA
NEMLUNDANGARIRO WAVO.

VANHU VAKATAMBA
VACHIKURURA NHUMBI
DZAVO. HUF EVE
NOKUDHAKWA
ZVAKARWADZA
MWARI UYO AKANGE
ODA KUVALURAYA
NOKUVAKANDIRA
MUMOTO WAKANGE
WAGADZIRIRWA
DHIYABHOROSI
NENGIROZI DZAKE.



MWARI VAKATAURA NAMOZISI,
"CHIDZOKERA PASI, VANHU VAPINDA
MUKUTADZA KUKURU, VARASA NHUMBI
DZOSE VACHITAMBIRA CHIUMBWA.
NDINODA KUVAPARADZA, MOYO YAVO
MIKUKUTU, HAVAFAMBI MUKURURAMA."




MOZISI WAKAGUMBUKA PAAKAONA
VANHU VARASIKA VACHIRASA MWARI
NOKUNAMATA CHIFANANIDZO.

**MATYORA
MURAIRO
WAMWARI!**




MOZISI
WAKAPWANYIRA
PASI MATOMBO
AINGE AKANYORWA
MIRAIRO YAMWARI.



HAANA HERE KUTI
MUSAVE NEUMWE
MWARI KUNZE KWAKE
JEHOVHA? SAKA
CHILMBWA CHEMAOKO
ENYU ICHI NDICHO
CHAVA MUSIKI
WENYU?

EKISODHO 20:3-4, 32:15-20

MOZISI WAKAPWANYIRA
PASI MIRAIRO YAMWARI
IKASARA YAVEVHU.




KANA URI
KURUTIVI RWAMWARI
HUYA UMIRE NENI. KANA
UCHINAMATA CHIUMBWA
ICHI CHEKUIJIPITA
RAMBA URIPALURI.

TICHATEVERA
MWARI
WAABHURAHAMU,
ISAKA, NAJAKOBHO.

NDICHATEVERA
MWARI
WAKAPATSANURA
GLUGWA DZVUKU
CHERO ASINA
CHIFANANIDZO
CHINOBATIKA.



MUTONGO
WECHIVI NDIRWO RUFU,
JEHOVHA VANOTI VANHU
AVA NGAVAFE. TORAI
MINONDO YENYU MUBAYE
VOSE AVA VANOSHANDISA
ZVIFANANIDZO
PAKUNAMATA.



ZVIURU ZVITATU
ZVEVAINAMATA
ZVIFANANIDZO
NEKUFEVA
ZVAKAURAWA
ZUVA IRI.

BANGA ZETE...


**KWETE...
MUSADARO
VEDUWEE...**

**INZWAI
TSITSI
MUDIKANI!**


EKISODHO 32:26-28

MOZISI
WAKAKWIRA GOMO
ZVEKARE. MWARI
VAKANOMUNYORERA
MIRAIRO AKADZIKA
NAYO. VANHU
VOSE VAKATSIDZA
KUIEVERA.






MWARI
VAKATI MURI VANHU
VANE MOYO MIKUKUTU.
PAMAKATADZA MWARI VAIDA
KUKUPARADZAI MOSE, ASI
NDAKAKUNYENGETERERAI,
IYE AKABVISA ZVIVI ZVENYU.
JEJOVHA NDIMWARI
WENYASHA ZHINJI AZERE
NOKUREGERERA.

A comic book illustration of a city. In the foreground, a large, multi-story building with a dark, textured facade is shown. A thick, dark plume of smoke or steam rises from the top of this building. The city is filled with numerous smaller buildings and tents, suggesting a densely populated area. The background shows a hilly landscape with a winding path or road. The overall color palette is dominated by earthy tones like browns, tans, and greys, with some darker areas in the shadows.

ZVINO TAPIWA NZIRA YOKUVAKA
TEBHANEKERE NAYO. TIKAITEVEDZA, IYE
UCHASANGANA NESU IMOMO. SEVATADZI,
MWARI VAGADZIRA NZIRA YOKUTINATSA KUTI
TIGONE KUSANGANA NAYE.

VAREVHI VACHAPIRA ROPA
MAZLIVA OSE. KAMWE PAGORE, ROPA
RECHIBAYIRO RICHAIWA PAMUSORO
PEAREKA YESUNGANO SEZVAVAKAITA
KUIJIPITA. IYI NDIYO NZIRA YAMWARI
YOKUTI TIREGERERWE UYE KUTI
TISAFE.



AREKA YAPERA KUVAKWA
VAPIRISTA VAKATANGA
KUPIRA ZVIBAYIRO
ZUVA RIMWE NERIMWE.
MWARI VACHIONA
RUTENDO RWEVAILINZA
ZVIBAYIRO VAKABVISA
MATADZO EVANHU.

ASI VANHU VAKANGE
VASINA MUFARO
VACHINYUNYUTA
MAZUVA OSE
NOKUGARA MURENJE.

KUNYUNYUTA KWAVO KWAKABURUTSA
HASHA DZAMWARI NERIMWE ZUVA.

A comic book illustration of a camp at night. Two large, green snakes with yellow markings are coiled around the camp. One snake is on the left, its head raised and tongue flicking. The other is on the right, its head raised and tongue flicking. In the center, a tent is lit from within, and several people are visible around it. The background is a dark, starry night sky. A speech bubble is positioned above the tent, containing the text 'YOWEE! NYOKA POSE POSE...'.

**YOWEE!
NYOKA POSE
POSE...**

**MWARI VAKATUMIRA KUMATENDE KWAVAIGARA
NYOKA DZINE LIMBORERA DZAITSVAGA ROPA.
CHERO MWARI VARIMWARI WENYASHA,
HAVATENDERI KUTI CHIVI CHIGOENDERERA.**

EKSIODHO 34:28-32, 39:32; NUMERI 21:5-6



PASINA NGUVA MATENDE OSE
AKANGE APINDWA NENYOKA.



**MWARI
TIBATSIREI!**

CHERO HUSIKU VAKUNOVATA
NYOKA DZAI VASHUNGURUDZA.

sisisi.....

A comic book illustration showing a woman in a headscarf laughing hysterically with her mouth wide open. A large snake is coiled around her neck, its head near her face. The scene is set under a dark, draped fabric. The overall style is dramatic and intense.



NDIBATSIREIWO...
NDARUMWA.



KWETE

...


**KWETE..
JOWABHU.**

**AMAI
KANI!**



**CHERO VANA
VAKATAMBUDZWA
NOKUDA KWEZVIVI
ZVEVABEREKI VAVO.**

NUMERI 21:6




MUDZIMBA ZHINJI
DZAVAIGARA,
KWAINZWIKWA MHERE
NOKUTAMBUDZIKA KUKURU.

NDOZVAZVIRI
MUDZIMBA
ZHINJI, UYE
ZVIRIKUTOWEDZERA.
VAZHINJI VASHAYA.


URAYA...
KWAAA...
KWAAA...

TINOFANIRA
KUTSVAGA
MOZISI. UKU KUITA
KWAMWARI. MWARI
WAKATSAMWA
NOKUDA KWEZVIVI
ZVEDU.



TAURA
NAMWARI
WAKO,
TINGAMUCHIRA
KUDARIKA
KWEDU, ASI IYE
NGAATIWANIRE
NYSAHA.

VANHU
VACHANZWISISA
RIINIKO KUTI MWARI
WAKAVENGA CHIVI?
TEERERAI MIRAIRO
YAKE MUVE NYIKA
TSVENE.

A man with curly hair, wearing a brown robe, is shown in a deep bow of prayer. His head is touching the ground, and his hands are clasped in front of him. The background is a light blue sky with some dark, diagonal lines suggesting a sunset or sunrise. A speech bubble is positioned above him, and a large, jagged yellow shape containing text is at the bottom.

**MWARI NZWIRAI
VANA VENYU TSITSI
MUVAREGERERE ZVIVI
ZVAVO.**

**ENDA UNOGADZIRA
NYOKA YENDARIRA,
LIGOITURIKA PADANDA
KLITI VOSE VAGOIONA. ANI
NANI LICHASUMUDZA
MESO AKE KUNYOKA IYI
LICHAPORESWA.**

MWARI VATIPA
NZIRA, CHINGOTARIRA
KUNYOKA YENDARIRA
IYO UNOPERESWA.





UYU
ARIKUZOFA.

BODO!
MWARI
VATIPA NZIRA
YOKUPORESWA.
VHURA MESO
AKO LITARIRE
URARAME!



**LIYU
MUNANA
CHAIWO!**


**HANDEI
TINOLDZA
VAMWE.**

**ZVANDISHANDIRA!
REGAI NDIUDZEWU
VAMWE.**



**TARIRA
URARAME!**

NUMERI 21:9



SEI
UCHIMUBATA
KUMESO
NEMASHOKO
ENHANDO?

VAMWE
VATARIRA
VAKAPORESWA
WANI!

HAIONI HERE
KUTI NDAVAKUFA!
SEI UCHINDINETS
NEZVISINA
MATURO?



UYU
WAFU
UYU.


NDINE
UROMBO,
ARAMBA
KUTENDA.

ANGA AZERE
NEKUZVIKUDZA.

VANHU VAKAONA
SIMBA RAMWARI.
MUSHURE MENGUVA
VAKANGE VAKANGANWA
ZVENYOKA UPENYU
NDOKUPFUURIRA MBERI.



ZVISINEI, VANHU
VAINGORAMBA
VACHIKANGANWA
NZIRA KWADZO,
VACHITYORA
MIRAIRO YAMWARI.




VANA VEIZIRAYERE
VAITEVERA HORE,
MWARI ACHIVATUMIRA
CHINGWA CHENGIROZI,
VACHINWA MVURA
YAIBUDA PADOMBO.

MWARI AIGONA KUVATUNGAMIRA
KUPINDA MUNYIKA YECHIPIKIRWA
PASINA NGLVA REFU, ASI
NOKUSATEERERA KWAVO,
AKAVAREGERA VACHIDZENGERERA
MURENJE KWEMAKORE MAKUMI MANA.

NUMERI 21:9, 32:13

NHAIWE MOZISI, SEI UCHIFUNGA KUTI NDIWE WEGA WAKADANWA UYE UNONZWA KUNAMWARI.? NESUWO TIRI VATSVENE. HATICHADI KUNZWA IWE NAARONI MUCHITILUDZA ZVEKUITA NEKUTIPA MIRAIRO. ISU TINOGONA KUZVITONGA TOGA.



ZVOKWADI, NDANETA NEKUDZENGERERA MUNO MURENJE MWARI VACHITILURAYIRA TUNYAYA TUSINA MATURO.

IMHOSVA YAKO IWE MOZISI, NDIWE UNEMIRAIRO ISINGABATIKE.

MOZISI WAKAPINDA
MUTEBHANEKERE
NDOKUBVUNZA
MWARI ZVOKUITA.





MWARI VATI, "VANA VAREVHI SIMBA RAMUNOZVIPA
RAKANYANYISA. MUNOZODZA VANHU KUITA
VAPIRISITA ZVISIRI PAMURAWO WAMWARI."

MANGWANA MWARI UCHAZVIRATIDZA
PAKATI PEDU, KUTI TIZIVE KUTI
MUIRISITA WAMWARI WEMAZVIROKWAZVO
NDEUPI, UYE AKARURAMA NEASINA NDEUPI.

NUMERI
16:2-6



**MUZUVA
RAITEVERA**

**SWEDERAI PEDYO IMI
MUNOZVITI MAPIRISITA
AMWARI AKARLURAMA,
IMI MUNODA KUTONGA
PAMUSORO PEVANHU.**

MWARI UCHASANGANA
NESU MUZUVA RANHASI,
ACHASARUDZA PAKATI PEDU,
UYE TICHAONA SIMBA
NEKUBWINYA KWAKE.




**IBVA PEDYO
NEVANHU VAKAIPA
AVA. NDODA KLUVAURAYA
IZVOZVI.**



**IBVA
KUMATENDE
AVO. USALIYE
PADYO NAVO
NOKUTI UNOFA
NAVO.**





HOYO MUEDZO,
KANA VANHU AVA VAKAFA
RUFU RWAMWARI, HANDISI
MUPOROFITA, UYE MWARI
HAATAURE NENI.

ASI KANA
PASI RIKAZARUKA
NOKUMEDZA VANHU AVA
NETWAVO TWOSE, ZIVAI
KUTI VAKATADZA UYE
INI NDIRI MUPOROFITA
WAMWARI.

A dramatic comic book illustration depicting a scene of intense weather and human reaction. The top portion of the image shows a dark, stormy sky with several bright blue lightning bolts striking down. Below the sky, a large, dense crowd of people is shown in various states of panic and distress. In the foreground, a man with a wide-eyed, open-mouthed expression of shock or fear looks upwards. Other figures in the background are running, falling, or cowering. The overall color palette is dominated by dark blues, greys, and oranges, creating a sense of chaos and danger.

NDIBATSIREWO...


YOWEEE...

**KWETE
KANI...**

NUMERI 16:28-33




VOSE VAIKARIRA HUPIRISITA
VAKAMEDZWA NDOKUKANDWA
MUGEHENHA RAKAGADZIRIRWA
SATANI NENGIROZI DZAKE.



TORAI MIKOMBE
YAKAGADZIRWA
NENDARIRA
YAVAISHANDISA
IYO MUGADZIRISE
RUFUKIDZIRO
RWEPAARITARI.

PAMUCHAONA RUFUKIDZIRO
RWAKAGADZIRWA NENDARIRA
MUCHAYELUCHIDZWA CHIITIKO
ICHI, KUTI PANE VAIDA KUZVIITA
VAPIRISITA VACHITYORA MIRAIRO
YAMWARI.

IRI IZUVA VANA
VEIZIRAYERE
RAVASINGAKANGANWE.
MWARI
WAKAZVIRATIDZA
KUTI MOZISI NDIYE
MUPOROFITA WAKE,
PAMWE NEAVO
VAANENGE AGADZA
KUITA MAPIRISITA.




KUBWINYA KWAMWARI KURI
PAKATI PEDU,
UYE ANOTIPA
CHINGWA
CHINOBVA
KUDENGA.

KUBWINYA KWAMWARI KWAIONEKWA
MUTEBHANEKERE, VANHU VACHITEVERA
MOZISI, VACHIKWIDZA NOKUDZIKA MURENJE.

MWARI VAKARAMBA
VACHIBURUTSA CHINGWA
KUBVA KUDENGA, VACHIVAPA
MVURA YAIBVA PADOMBO
NEKUVATUNGAMIRA
MASIKATI NEHORE UYE
USIKU NESHONGO YEMOTO.
MUKUFAMBA KWENGLVA VANA
VEIZIRAYERE VAKADZIDZA
KUTEVEDZA MIRAIRO YAMWARI.

NUMERI 16:37-38



VAPIRISITA VAKAPFLURIRA
MBERI NEKUPA ZVIPIRISO
ZUVA RIMWE NERIMWE
SEKURAIRWA KWAVAKANGE
VAITWA NAMOZISI.



MUSHURE MEMAKUMI MANA
EMAKORE VARI MURENJE, VAMWE
VOSE VACHIGADZIRIRA KUPINDA
MUNYIKA YECHIPIKIRWA, MWARI
VAKADANA MOZISI KUZOKURUKURA
NAYE KOKUGUMISA. MUSHURE
MAZVO MOZISI WAKARARA
HOPE DZORUFU.



PASINA NGLIVA, MWEYA
WAKE WAKATAKURWA
KUNA MWARI UKO
UCHANOGARA KUSVIKA
MAZUVA OKUPEDZISIRA,
APO ACHAZOSANGANA
NEMHURI YAKE
MUNYIKA YECHAPIKIRWA.


MUGORE RA1451 KIRISTU ASATI AZVARWA. -- DHUTURONOMI 34:4-5

MUSHURE MEMAKORE ANGAITE
MAZANA MASHANU KUBVA
PAKADANWA ABHURAHAMU
NAMWARI KUTI ASIYE
VEDZINZA RAKE ACHIENDA
KUNYIKA YECHIPIKIRWA.




CHIVIMBISO CHAMWARI
CHOKUVAKA MHURI HURU
KUBVA PANA ISAKA CHAKANGE
CHAZADZISWA. VANA
VAJAKOBHO (IZIRAYERE)
GUMI NEVAVIRI VAKANGE VAVE
NDUDZI GUMI NEVAVIRI.





KUBVA MUURANDA,
KUENDA PAKUDZENGERERA
MUREJE, KUENDA
PAKUGACHIDZWA MIRAIRO
INE GUMI KUSVIKA
PAKUPINDA MUNYIKA
YECHEPIKIRWA, PAIVA
NEMUKOMANA AIFAMBA
ACHIONA NEKUDZIDZA
MABATIRO AIITA MOZISI
BASA ROKUTUNGAMIRI
NYIKA YEIZIRAYERE.




MUKOMANA UYU
AKAKURA AKAITA
GAMBA GURU
RINONZI JOSHUWA.

MUSHURE MERUFU RWAMOZISI,
JOSHUWA WAKASARUDZWA
NAMWARI KUZOTUNGAMIRA
VANA VEIZIRAYERE KUPINDA
MUNYIKA YECHIPIKIRWA.



VANHU VAKARANGARIRA CHIPOROFITA
CHOKUTI MUCHAVE VARANDA MUNYIKA
YAVATORWA, ASI MUSHURE MEMAKORE
MAZANA MANA, MUCHADZORWA
KUNYIKA YECHIPIKIRWA. MWARI
VAKACHENGETWA IZWI RAVO.



MUZUVA RAVAKABIRA
RWIZI JODHANI,
CHINGWA
CHAIBURUKA
KUBVA KUDENGA
CHAKABVA CHAMIRA.
VAKATANGA
KUDYA MICHERO
YENYIKA IYI.

TARIRA
MURUME WANGU,
IYI INYIKA YAKANAKA
YATAPIHWA
NAMWARI.

DHLITURONOMI 34:9;
JOSHUWA 5:12

CHOKWADI, INZVIMBO
YAKANAKA KUKUDZIRA VANA,
TICHIVADZIDZISA KUFAMBA
MUNZIRA DZOKURURAMA
NERUGARE.



<https://goodandevilbook.com/>